

Pembantoe sareng agen: Priangan koeon Bestuur Pasoeenda Bogor. di Tjandjoer Bestuur Pasoeenda Tjandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoeenda Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoeenda Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkeel Soekopoe Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoeenda Tjiamin. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoeenda Soerabaya.

Redakteur: SORTISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redakteur di Batawi SOERADIRADJA.

KARANGAN adreana ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe saes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 25 Tasikmalaja.

Pangos ADVERTENTIE: 1/10 katja f 2,50 1/20 " f 1,50 Sabab moest Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 saah. f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Wateran.

Dina salah sawlos kempelan Tjabang Pasoeenda, djiisim koering parantos ngeoping aja bestuur Tjabang anoe ngalisankeun kakeuheul manahna, neumbleuhkeun marga lantaranana pang kaajaan pakempelan kirang madjeng teh nja eta kalepatanana anoe aja dina sipat bangsa, bangsa oerang, oerang Soenda.

Koemaha oengalna eta kasaoeran Djoeragan Bestuur, di dieu mah koe djiisim koering moal ditjariekeun deui, da saes bade maradoekeun tjetjek botjekna, ieu mah maksad teh, soepa-ja sasmoekawis anoe koe oerang parantos katintjak, masing djadi loeang djadi eunteung dina enggoning oerang oesaha sabitoelangan djeung hatoer ngadjoengdjoeng daradjat bangsa.

Panghoel hoelkeunana ka bangsa Soenda, bronan nibakeun kasaoeran kitoe, mengkah koe kolot mah kama-joem pisan, nja eta tina lantaranan wegah manahna seungguh koe hantjeunana, ningal bahan henteu tjara selirana. Moeng lali... soerti, horeng dikantoen di boemi, henteu katjandak kana gempoeangan. Henteu matak kaget, toer oelah dianggo manah deui koe sadaja anoe ngadangoekeun harita, da apan biasa anoe keur soemedeng boeta toelang boeta daging mah, sok lita kasoengsoem-soengsoemna. Engke oge dina mantjatna hana ngadampal loeang, bakal molongpong tebih tingalna, goena pikeun sadajana.

Ari kawoewoeh-woewoeh geus djamak di mana-mana dina koemboehna djeung batoer mah, nadjan aja dina saloeloereng oge, kapan aja anoe njisi aja anoe nengah, aja anoe gantjang djeung lendo, nadjan parantos diweng-keo koe lapad Soenda: sareundeuk sigel sabobot sapihanean, diantelkeun koe woelang: ka tjai djadi saluwi, ka darat djadi salebak oge.

Jaktos pisan oerang teh sadajana oge sapihanean, jaktos pisan oerang teh sadajana oge sabobot, da papada tinooenan Nji Dajang Soembi, pakara ti Siliwangi wedalan sareng pentjaran Soenda, anoe geus koedoena tea deui mereush dina sareundeuk djeung sigelna, sangkan ka tjaina djadi saluwi tea, teu todjaiah pama-lingangan. Mana, leuwina?

Leuwina, anoe djadi pamelaran titaan ti Siliwangi, nja saajuna mah moal di mana kadjaba ti di Sipatahoenan. Geusan Soenda njipoeh salira, njanjing dirina pribadi, sangkan bisa ngahajueuk tinooenan Nji Dajang Soembi.

Tah engke di mana-mana poetra Soenda geus siram kokodjajan di Sipatahoenan, bakal tinekunan ditampi djadi tjatrik Goenoeng Padang, sarta saetoetana nembu soengsoem baloeng-na bakal molongpong.

Mangga, para nonoman geura siram, geura kokodjajan di leuwi Sipatahoenan, soepaja geura aroening di pademoekan Adjar Goenoeng Padang! Teu katji ngan tiba milik ti katebihan, teu katji tiba nanggapi ti kaanggangan, bisi moal bisa silang.

Soegri noe atra di Goenoeng Padang, tangtos pisan kersa pahujeuk patjikel leungeun dina oesaha noeloj-keun tekadjar karoehon, niutjak djalan oetama papajan terekah:

Ngamadjoekun Soenda, ngadjembarkun Soenda, ngamoeljakeun Soenda, ngadjoengdjoeng Soenda, ngarapikheun Soenda, nengtremkeun Soenda,

Sareng saladjengna sakoemaha oedagan Pasoeenda, anoe parantos poegoeah landjaranana djadi hantja oerang sadaja.

Tah, ngan dina prakna oesaha, tetapi parantos dibereundeuk dina oegeran pakempelan, sareng nadjan parantos aja tjaletjerna, tapi ari sareundeuk sareng sigel pisan mah benteu. Eta margina anoe mawi aja bestuur salah sawlos tjabang, anoe metakeun terekahna koe djalan ngahoel-hoelkeun kanistaan bangsa, manawi bae sangkan djadi batoer areng soeloeh keur ngamadjoekun lokomotip, ngarah panas saabna.

Tadi, sanggem djiisim koering, peta kitoe teh tinggaleun soerti di boemi. Tah ieu, kantenan kedah diboeke ngarah piloeangeunana.

Naha naon anoe dioedag koe oerang tah? Tangtos lain ngarah poeas, tjara noe telenges njoetjoh-njoetjoh, da kamanah koe sadaja oge, noe kitoe mah bakal moebah; tapi apan oerang mah rek ngadjoengdjoeng djeung ngamadjoekun koe djalan kaloeloesan. Ari panghoelkeun anoe djadi panjuseul mah, tjara roedjak sentol, oekoer nambahan seueul, moal matak djadi tamba kana kasawat.

Bireungeuhna deungeun hasum ka bangsa oerang sanggeus djadi kieu, tangtos pisan moal saes djeung anoe ngarandapan inja, nadjan itoe koe oerang ditiroe anggoer mawa kana matak kaliroe.

Tjeuk deungeun mah meureun, bangsa Soenda teh? agedoei, botrok, borangan, sahoel, teu tjeahan, elehan, melid, pandjang leungeun, sareng roepi-roepi deui panjawan anoe djadi pamojok, lantaran teu oeningaen koemaha pangna kitoe.

Nja pantes bae ari deungeun mah rek kitoe rek kieu oge, da ngan ningal saliwat toer dina boektina saajuna aja di sawarah dijelema anoe kapanggih di Soenda; nja tjara di arandjeunanana tea bae deui.

Panjuseul deungeun tea sok tepa ka bangsa oerang anoe geus katerapan koe sipat deungeun, tapi ka sok aja bangsa oerang anoe ganti rasa djadi semah, miloe njeukseukan miloe njeuseul koe roepi-roepi panggongorokan. Anggoer oerang teangan sababna tinimbang dianggo soesoegoeh mah, mergi mangga raoskeun: Naon goenana panjuseul kitoe teh?

Mengkah arandjeunna mah geus teu ngaraoe, jen: mojok bangsa teh = njempad salirana. Ngahina bangsa teh = ngarendah-keun salirana.

Ngagorengkeun bangsa teh = ngapekeun salirana. Ngadagangkeun patjataan bangsa teh = moretekeun eta di pasar = sami sareng ngawiwirang salira.

Geuning bet segala malindes ka salira, neuktauk tjeroek dina ping-ping, da moal enja ari: batoer kitoe aing henteu mah.

Oepama digalih kana pihasilanana deui, bet teu kaerong teu katingal mangpaatna ari koe kolot mah, ngan mamalana noe aja, matak bengkah da teu ngeunah.

Geura oepama goeroe ka moerid sentak seungor, bari koekoelotoes njeboetkeun: si bodo siah, si bangor siah, si kandoelau, si teu tjeahan, si borangan, si segala roepa; Mangga manah eta pangadjar napsos teh naon goenana, naon hasilna? Lain ngan mawa kana ngabuegkahkeun pasanakan?

Sudaja goeroe tangtos iasa ngadja-wab oepami aja anoe mariksa: "Ari kasalahan atawa kagorengan boedak teh, kagorengan saba?", Toeh geuning oerang katjiwit koelit kabawa daging. Djadi oepami ditingali koe djalan atikan, tetela geus niutjak disalah.

Ari anoe ngadjoekun sareng di- dalangkeun koe oerang, saes ngooetjah ngatjehna patjataan anoe geus keuna koe kasakit tea, tapi: naon marga lantaranana, pang keuna koe patj- atjadan kitoe, sangkan oelah katotolo joh djeung naon kasakitna anoe ngal- antarakoun tepi ka boga patjataan kitoe. Lamoen enja, kitoe oge, aja eta patjataan.

Pikeun niuakenn-sangka ka bangsa, sae pisan oepami eta sangka dilarap- keun heula ka salira koe andjeun, soepaja teu soelaja ti enjana. Kieu tjontona:

1. Naha ieu aing bodo? Djawan- na tjeuk sanoebari prioadi: Atoeh meureun bae koemaha teu rek bodo, da.....
 2. Naha aing teu tjeahan? Tjeuk sanoebari: Atoeh koemaha rek teu tjeahan, da.....
 3. Naha aing njingtjirngik? Tem- bal ati: Atoeh meureun bae, da....
 4. Naha aing mistik? Tjeuk barti: Atoeh meureun bae, da....
 5. Saladjengna.
- Tah mangga eusian eta titik-titik toekangeun da teh, nembu oerang tiasa njandak babandingan ka bangsa.
- Pertjanten pisan jen sanoebari mah gerentena moal aja aling-alingna. moal linjok moal bohong.

Naon deui tas ieu?

Tina pohara goejobna kaom Con- servatien di Volksraad njawan djeung ngagoreng H. I. S., nja laksana aja boeahna. Boeahna soteh keur maranehna, lain keur oerang anoe memang keur mendjeuhna boe- toeh koe pangajaran. Koema teu rek hasil da kabeh djago-djago P. E. B. djeung I. E. V. nembongkeun kagorenganana H. I. S. Komo toean Meyer Ranneft mah nepi ka aja ba- sana anoe kieu: "Lolobana anoe di ka Digoelkeun atawa anoe baris di ka-ditoekeun teh kaloeran H. I. S. Doea poeloh taon deui bakal aja kira-kira 40 000 kaloeran H. I. S. anoe henteu baroga pagawean; eta geus tangtos baris djadi hama kana kutengtreman nagara." Poegoeah aja anoe ngabantah, tapi zwak pisan bantahanana, ana katoeroeg-toeroeg daratanna lain ti ahli onderwijs Priboemi, anoe maher dina perkara soeal pangajaran.

Naon saajuna hasilna sanjal Kaom saes? H. I. S. bakal didjadikeun standeschool nja eta sakola pikeun berodak anoe parangkat atawa anoe baleunghar bae. Ari saenjana mah dalah saajuna oge lain sakola pikeun oenggal dijelema H. I. S. teh, ngan eta bae kahareup mah bakal dikeras- keun milihna teh, meureun make ajakanana oge anoe katjida kerapna, soepaja oelah loba wuing anoe mon- tjor.

Ieu maksoed Departement Onderwijs anoe saktieu kerana moal njeri teting, lamoen "katoekang-toekang henteu diberean kalonggaran heula mah dina bab ngasoepkeun pimoerideun.

Djiga-djigana koe lantaran maat- schappij kajida boetoebna koe pa- gawa anoe barisa basa Walanda djeung koe lantaran saesna koe pa- ngajaran katjida gedena nja henteu katjida teuing milihna, njaringna pimoerideun teh.

Dibalanganana ngan koe ditaekeun bajaran sakolana tina f 1,50 djadi f 3. Eta teh lain saeutik eutik deoit pikeun djalma anoe pangasila- nana koerang ti f 150.— mah, tapi dibelaan njatoe kero oesah asal anak bisa madjoe. Malah pikeun anoe

djaraoeh ti tempat H. I. S. mah beunang disoeboetkeun dibelaan bari tirakat.

Departement njaoan kana pamen- tana djalma kana ngasoepkeun ba- roedak, nja diajaan paralelklassen, nepi ka henteu pati loba anoe ditc- lakna. Djalma teh geus aja dina sangka (pangira) jen kitoe mistina. Ana katoeroeg-toeroeg apan koe "dia- jaan Studiebeurzen (panjoembang ongkos diadjar) di Mulo djalma rea teh geus netepkeun "bae jen Pa- marentah teh mere djalan ka baroed- dak Boemipoetera anoe araja oetuk- na pikeun neroeskeun pangajaranana.

Da tangtos eta beurs teh lain pikeun anak anoe pangkat loehoer atawa anak anoe baleunghar, tapi pikeun anak kaom pertengahan anoe teu mahi pangasilanana pikeun ngongkosan anakna neroeskeun dia- djarna.

Kari-kari saajuna djol bae atoeran rek ngarobahkeun hatena djalma rea njanghareupna ka Pamarentah.

"Voorwaar, geen maatregel om het volk te winnen," Naha kieu djalanua pikeun narik hatena rajat soepaja pertjaja teh?

Ieu atoeran keur oerang geus tetela jeu ngarogikeunana, tapi dalah pikeun Pamarentah oge asa moal matak njanjangeun. Geura ieu dihandap bade diterangeun.

Koelantaran hatena djalma geus hajang pisan kana basa Walanda, kana sakola H. I. S.; geus moal beunang dirobah deui, djadi geus tangtos iktinir njiar sakola anoe kitoe atawa anoe siga kitoe (koe lantaran koerang njaho tea pikeun ngabeda- keun mana anoe aloes - mana anoe goreng). Toengtoengna ting potjeng- hoel sakola H. I. S. anoe henteu menta atawa meunang sub- sidie. Anoe djadi goeroena dapon anoe daek bae, djadi balik deui ka djaman 7-8 taon katoekang; bakal aja deui oeroet serdadoe djadi goeroe; klerk pangsoen ngaladjar particulier.

Naon anoe diadjarkeun djeung koemaha ngadjarkeunana? Ah perkara eta mah koema dinja, asal aja sora mener, ik baden, zeg bae. Tjik bakal koemaha pidjadiu- nana lamoen kitoe kaajaanana. Naha moerid ti sakola anoe kitoe henteu leuwih djadi geuvar pikeun maat- schappij?

Teu kaharti koe akal, ari sakola anoe aja dina pangawasana Departement arek dihebe-hese, ari kadjadia- nana bakal ngahiroepan sakola-sakola anoe hees dipariksa. Eta mah njanggaekun, bisi enja kitoe kapala; teh.

Koering menta ka kantja-kantja Pasoeenda sareng anoe saes saes oerang kedah iktinir merangan ieu maksad Departement. Vereeniging Pasoeenda kedah ngajakeun protest vergaderingen ngabantah maksad Departement anoe bakal ngarogelkeun ka oerang kaom pertengahan djeung landap. H. I. S. teh djalan anoe moeng hidji-hidjina pikeun madjoena Boemipoetra teh, kari-kari arek di- heureutan, arek dileutukkeun, oelah mikeun oelah!

Mangka-mangka itoe sakola loehoer mani parantos aja tiloe, naha koema- ha aktalna pikeun baroedak oerang ari hanteu ti H. I. S.?

Bapa boedak.

Pamarentahan djeung somah.

(Samboengan Sip. No. 5). Naon pihartiunana evolutionair kawas geus teu koedoe diterangeun

Ti pipir hawoe.

Tjiri waatti (teekenen des tijde). Nja gantjang robabna djamaul! Geura waktos bareto koering masib keneh resep njalindangkeun samping, njareboet djenengan pangangoeng teh mani eudeuh-hormat, tilawadat pisan soemawonna ka noe djadi Boe- pati, kapan asana moen teu salah disoeboetna oge chahfateollah. Djene- nganana disoeboet dina hoetbah.

Koema ari saajuna? "Heuteu toean" tjeuk djrg. K. So- mawinata, waktos papariksaan di Land- rechter. "koering mah teu rek ngakoe Dalem pangoroos Agama Islam. Djeung tjeuk koering mah di dieu teu aja pangoroos Agama Islam, sa- bab noe djadi pangoroos teh koedoe aja saratna, sakoerang-koerangna noe- roetkeun timbangan koering doea roepa, nja eta: kahidji njegah dijelema- dijelema asoep kawa agama sedjen; kdooea ngamadjoekun tablighool- Islam. Moen teu njoemponan kana sarat-sarat eta, teu sah djadi pangoo- roes Agama Islam"

Seg . . . nepi ka poksaj! Ari koering mah teu pipiloeun kana bener henteuna mah: walloh hoe alam bisawab. Ngan eta bae bet ana

"Och, och mijn goede oude tijd!" Lain tjeuk koering. Oerang mah ngan bati nga-

Gelenjos. bae, lain?! *) Bandera Islam No. 130.

deui, sabab geus rea anoe ngarti djeung henteu sakoemaha dipikarisina tapi ari kana ketjap "revolutionair" mah kawas rada rea oge, anoe salah- ngahartikeunana (njoerahanana) boektina nepi ka rea anoe ngabirig- dig koe ngadenge ketjapna oge, kitoe- na deui bongan soelaja njoerahanana. Ari karereanana mah, anoe njoerahan- ketjap "revolutionair" teh madjar anoe sok mawa bibit kana kagoedjroedan- tea, njeun hoeroe-hara. Ari anoe sa- eojsana mah, lain kitoe. Hartina "re- volutionair" teh lamoen henteu salah- mah, nja eta, iktinir njeun perobahan- anoe gantjang" djadi lain koedoe- ngagoedjroedkeun tapi koedoe gan- tjang. Tjenah eta sok matak goedjroed, perkara ieu, lain sabab make djalan "revolutionair", tapi ieu mah goeman- toeng kana sipatna djalma djeung kaajaanana (toestand) bae, Ari njeun perobahan lain koedoe ngagoedjroed- keun sabab rea keneh djalan-djalan anoe sedjen.

Nja kitoe deui kaom "evolutionair" oge; anoe make djalan nete taradje untjak hambalan tea, meureun ari aja kalonggaran mah, geusan madjoe ka boh girang, moal enja ngaboetod dina tempat eta keneh bae, da geus poegoeah anoe didjoedjoejna, kana martabat kamerdikaan tea. Ari saenja- enjana mah "revolutionair" djeung "evolutionair" teh, teu aja waktos wangenna anoe tangtos, moenggoehing di papada bangsa oerang keneh mah, anoe hajang ngoadag kamerdikaan tea anoe matak oelah pasalia teuing, sabab aja djalan geusan tepoeng.

Tjindekna mah, boh anoe make djalan "revolutionair" boh anoe "evolutionair" koedoe bisa silih adja- nan, sangkan gampang saejojoeanans sakoer bangsa priboemi Indonesia mah. Djaba ti anoe ditjaritakeun tjikeneh oge, aja deui anoe ngadjadikeun

Ti Padoekoehan.

Aja nce njarita.
Demi eta anoe njarita teh, salasa-orang anoe kasigeung koe salasawidji toelisan anoe koering. Tjarekna teh: „Moal beunang didakwa... Handjakal.
„Ngan eta bae koe hajang sjahe, saba djalmana, bet srik pidik teuing kana kaseokan batoer teh!”
Ari tjara sim koering mah lain srik, lain pidik. Tjessah eta Ki Mandahong bade soeka-seeka, oelah sok moen saminggoe sakali, dalah rek sabaurang sapouting oge mangga teh teuing.
Ngan oelah noe matak ngaripoeheun, njoesahkeun, batoer djeuok bala rea. Apan koe nagara ge dilaraug. Bakating hajang ngadelik!
Toengtoengua teh delak-delek!

Kontak.

Teroesna pagina kahidji (kolom kalima)

pasalia pikir teh, nja eta „Coöperati-on” djeung „Non Cooperation”.
Kaoem anoe ngakoekeun maneh „Coöperator” kawas henteu pati panceudje mendjo bangsana anoe nganggap dirina „Non coöperator”, nja kitoe deui sabalikna,
Lamoen koe orang dipikir diboelek balik, ieu oge djadi bibit kana pabarantjaj deui bae, padahal teu hade kitoe, da doanana oge teu boeroeng ngarep ngarep kana upadegna kamerdikaan bangsa djeung lemah tjai orang teh.
Geuning aja anoe njarita kieu: „Ari saenja-enjana mah, di lemah tjai orang teh, teu aja Non Coöperator djeung teu aja Coöperator”. Eta anoe njarita kitoe teh kawas teu beunang disalahkeun, koma lamoen orang inget kana hartina ketjap Cooperative anoe saenja-enjana. Coöperatie teh, nja eta digawe babarengan, anoe saroea „kawadjabana” saroea „hakus”, saroea „kaperloeanana” djeung saroea „toedjoeanana”, babakoena pisan perkara „toedjoean” anoe pang pentingna teh.
Perkara - perkara anoe disebetkeun tjikeneh, antara orang somah priboeimi Indonesia djeung pamarentah Walanda. malah dina perkara „toedjoean” mah beunang disebetkeun patoekang - toekang. Da ari bangsa orang mah kapun hajang meunang kamerdikaan, ngatoer hiroep koemboeh di lemah tjai sorangan koe sorangan, tapi ari toedjoean Walanda mah moal kitoe, tangtoe sabalikna, soepaja bangsa orang dibawah pamarentah bae djeung lemah tjai orang oelah leupas tina erahan nagara Walanda. Teh kapan sakitoe bedana teh. Djadi tina sabab eta, moenggoehing bangsa orang priboeimi anoe darsak djadi lid tina raad raad perwakilan tea, tatjan beunang disebetkeun „Coöperator” sabab ari toedjoeanana mah lain lainna deui, toerog toerog reana wawakil somah henteu ninggang kana watindingan reana somah priboeimi, dibandingkeun djeung bangsa-bangsa sedjen, soema woner ari djeung bangsa Walanda mah.
Moenggoehing bangsa orang priboeimi, anoe teu daek djadi lid atawa djadi wawakil dina raad raad tea, atawa teu daek ngirinkeun wawakilna kana raad-raad tea, ieu oge tatjan beunang disebetkeun „Non Coöperator”, ari sababna kieu. Lamoen kawadjabana - hakus - kaperloeanana djeung toedjoeanana saroea, tapi teu daek keneh bae djadi wawakil atawa milih piwakileun dina raad raad tea, kakara beunang disebetkeun „Non Coöperator”.
Djadi tetela pisan, dina mangsa ajeuna mah, di lemah tjai orang teu aja Coöperator, atawa Non Coöperator anoe matak oelah pasalia teuing da geuning kitoe raratanana.
Moenggoehing di bangsa orang mah, kabeh oge ngarep-ngarep kana ngadegna kamerdikaan teh, ngan beda djalman djeung beda pakarang bae, tjara sakoemaha anoe tadi geus di tjaritakeun di loehoer.
Djadi tina sabab eta orang tel: teu hade para-rea beunang samemel loemakoe, da ari kahajang mah kapun saroea, ajeuna mah satjabakna-satjabakna bae, bari silih adjenan sangkan gampang digawe babarengan, kour kaperloean sarere.
Moenggoehing di bangsa orang teh rasa kapriboeiman geus pada aja, nja kitoe deui angen-angen kana kamerdikaan geus pada boga, anoe matak oelah pasalia teuing, balas mareloet-

keun pahade-hade angkeuban, banas eta sok aja bedana saeotak-saeutik tina bab kajakinan, keun bae heula, gampang engke dibadamikeun deui dimana oerang geus pada djagdjag, masing tajarung kieu hajang kitoe oge, ari rerempo mah moal bisa ngadjadi, tjara ajeuna sagala hees, parihasa „kagok lengkah, heurin koe letah”.
Panoetoeop tjarita, ajenna mah koma dina bae saanoena-saanoena, ngan dina aja kaperloeanana sing loeje digawe bataraengan, da ari angen-angen mah pada aja nja eta kana kamerdikaan tea. Bisi bae aja keneh anoe hambam rek digawe babarengan atawa silih adjenan djeung anoe beda tjetje-kelana, perloe oge oerang njokot hidji tjonto.
Koe sabab karereanana oerang priboeimi Indonesia teh ngagem agama Islam, nja eta bae anoe koe oerang dipake tjonto teh.
Dina agama Islam aja 4 Imam (4 djalman), nja eta Imam Safel, Imam Hanafi, Imam Hambali djeung Imam Godjali, sanadjan make Imam anoe mana bae, hartina make djalman anoe mana bae, henteu kaluar tina patokan Islam, da ari imanna mah saroea tea. Nja kitoe deui anoe djadi tjete-kelan dina ka Islam anoe aja 4, nja eta, Bar'at Tarekat Hakekat djeung Ma'rifat, ieu anoe 4 perkara teh tetep aja dina iman ka Islam.
Geuning djalanana politik bangsa priboeimi Indonesia oge, anoe 4 djalman tea, evolutionair revolutionair cooperation djeung non cooperation mapan tetep aja dina angen-angen kamerdikaan, anoe matak oelah pasalia tea oge, tjara sjauna iman dina ka Islam.
Bangsa priboeimi anoe enjaan ihtiar-na hajang ngadeg kamerdikaan bangsa djeung lemah tjaina, nadjan make djalman koemaha bae oge, atawa ngakoekeun boga djalman atawa tjete-kelan, hidji atawa dua diantara 4 djalman anoe disebetkeun diloehoer tea, eta tetep djadi doeloer saeojoean, jada agredag kamerdikaan. Henteu sakoemaha bedana tjara 4 djalman (4 Imam djeung 4 tjete-kelan dina baghagan ka Islam anoe, tjara anoe geus disebetkeun tadi, tetep doeloer saeojoean toenggal saagama.
Bangsa priboeimi masing lajeut saeojoean, Indonesia ngadeg kamerdikaan.
B. S.
Tasikmalaja, 31 Juli 1927.
Jang terhormat
toean-toean lid Raad
Kaboeupaten Tasikmalaja.
Dengan hormat.
Kasih bertae pada hari Slass tanggal 9 Agustus, j. d. moemi poekel 9 pagi, tempatna di pendoppo kaboeupaten Tasikmalaja, saken, diadakan openbare vergadering Raad kaboeupaten Tasikmalaja. Haroplah toean soeka datang menghadiri itoe vergadering.
De Regent van Tasikmalaja.
WIRATANOENINGRAT.
Agenda le gedeelte.
Punt 1. Goedkeuring notulec raad-vergadering ddo. 30 April 1927.
Punt 2. Toelating nieuw gekozen lid van den Regentschaps-Raad van Tasikmalaja M. Poerwita-Tresna.
Punt 3. Ingakomen stukken.
Punt 4. Goedkeuring beslisies van het College van Gecommitteerden. (Mengoetken besluit-besluit madjelis Gecommitteerden).
a. Betreffende vaststelling kringen slachtplaatsen (brief ddo. 20 Juni 1927 No. 1317/9/R.R. (menetepken kringen tempat - tempat pamotongan regentschap).
b. betreffende aanstelling Wegopziener en Werkbaas (dari hal angkatan Wegopziener dan Werkbaas) soerat tg. 20 Juni 1927 No. 1318/2/R.R.
c. betreffende eervol ontslag van Rd. Atas Natadiningrat, Controleur Regentschaps-Bedryven (dari hal ontslag dengan hormat Rd. Atas Natadiningrat, Controleur Regentschaps-Bedryven). soerat tg. 30 Juni 1927 No. 1154/1/R.R.
Punt 5. Verleening subsidie aan: (memberikan subsidie pada):
1e. Vee foktery vereniging Lembue Andini te Tjikatomae.
2e. Paarden foktery vereniging „Sangiang Kalang” te Tjidjoelang. (Soerat-soerat tg. 27 Juni dan 9 Juli 1927 No. 1341/11/R.R. en 1448/11/R.R.).
3e. Vereeniging Roekoer. Oesaba Pamli te Soekasoekeer (soerat tg. 30 Juni 1927 No. 1134/11/R.R.).
Punt 6. Verzoek oprichting benzinetanks (Permohonan mendirikan bensinetanks) soerat tg. 27 Juni 1927 No. 1171/2/R.R.).
Punt 7. Machtiging aan het College van Gecommitteerden als bedoeld by art. 84 Regentschaps-Ordonnantie (Membri keesa kepada College van Gecommitteerden seperti termakoed oleh art. 84 Regentschaps-Ordonnantie (soerat tg. 27 Juni 1926 No. 1333/18/R.R.).
Punt 8. a. Intrekking raadsbesluit van 20 April 1927 No. 17129/24 R. R. houdende overdracht van de bevoegdheid tot benoeming en ontslag van leden der Ind. Schoolcommissie (soerat tg. 28 Juni 1927 No. 1288/24/R.R.).
b. Overdracht secretariaat schoolcommissie aan het betrokken district-hoofd (memestakkan secretariaat schoolcommissie ke masing-masing Wedana).
Punt 9. Voorstel af-en overschrijving voor den dienst 1927 (brief ddo. 6 Juli 1927 No. 1427/20 R.R.).
Punt 10. Voorstel wyziging begroting 1927 (ngarobah begroting 1927) (soerat tg. 8 Juli 1927 No. 1441/20 R.R.).
Punt 11. Benoeming Controleur Regentschaps-Bedryven (Mengangkat Controleur Regentschaps-Bedryven (soerat tg. 9 Juli 1927 No. 1447/12/R.R.).
Punt 12. Behandeling voorstellen passer commissie (membitarakan voorstellan-voorstellan commissie passer).
Punt 13. Benoeming commissie onderzoek wyziging Rooiverordening.

Geumpeur.

Koe November djeung Januari oge masih keneh lilinieun teu atjan pepoe, ajeuna geus boet bet deui bedja anoe unatak pikareuwaseun, pikasieuneun, atoech baloes oerret bareto teh manna lemper mah anggoer ditambah koe geumpeur. Hadena bae, aja pitoekeung noe agteng, bet teu kadjadian sakoemaha bedja-bedja noe geus nerekah tet, ari noe ngalantarkeun mah sareatna perdjagaan polisi djeung kapala-kapala pohara tohgana, sabaurang sapouting dimotoran (dimo bilan, teu dihidjing tempat soeni, teu mokaha koe noe lengiang, estoe dia-sroek, teges disakrak, diteangan mamalana tjanah.
Koering mah moal njoetjroek anoe djaeoh, moal mapaj anoe anggang, neangan sabab, naon lantaranana noe matak aja goeoeur teu aja hoedjan. Rek disebetkeun pangheureunjanana krom beureun ngamaenkeun ka pamarentah bae”, mangga; rek disebetkeun „bawaning actiefua polisi tarunglana noe djadi kapala bae” mangga, da tadi ge geus disebetkeun di loehoer. Ngan koering mah noeloen noe aja, soegan bisa deui tibra sare.
Wani soeh toelas toelis tina bab ien, lain koe gede wawaneun, ngan sieun koe loeang-loeang noe katoekang bae, sapedah teu aja noe piradjeunan ngadardarkeun, hug bae Sipatahoenan ditoeiding pro ka Koem in Padahal ari djinisna mah ti bareto nepi ka ajeuna, djeung engke oge dimana aja kadjadian pantar kitoe, beak teu meepakat tjoekoop teu panceudje, koe sabab henteu ninggang kana babasan „herang tjaina beunang laekna”.
Moenggoehing Pasoendan djeung Sipatahoenan mah ti babaeula, oge keukeuh berpendapa eta, ngadag kamerdikaan teh oelah koe djalman paksa-piroesa, gereges-gereboeg atawa poporongolong, temahna napoe noe matak kadoehong, raga anoe ka . . . (Digoel). tapi koedoe ajem, koedoe lemes, „sopan” tjek Malajoe mah.
Ari ngadeg kadoegalan mah, pimana beuti, da kitoe sareatna, sarta geus beukti kapan sakitoe geuning kadjadianana. Anoe poegoe mah tingkah ngombar amarah teh estoe ngagagalak maloele. Mapan ajeuna kaboektian, polisi ditambah, militer ditohagana, kadjeun teuing bahroeting nambahan mang malioen-malioen, da ngadajaga rust en orde (kaamanan) tjoech.
Koeemaha peta ngadajaga aman teh, bener koedoe kitoe?
„Poegoech” bae, meureun tjek noe

sabeulah mah, da bongan balangka-warah.
Koeemaha ari tjek noe sabeulah deui? Lais lain kitoe, djalman kitoe anoe ngamoujah-monjah bahan teh, kapakana ngan oekoer sagebragan, lana lauggeng mah moal. Geuning boekti, kadjadian oenggal-oenggal tacen teh, manan beuki ngoperangan mah, anggoer nambalau, mangga banding-banding bae ti alam Tjimareme nepi ka Monee atawa Siloengkang.
Aja pek koe bedja ajeuna Masja Allah anggoer tambah geumpeur, da rek leuwih ti noe enggeus-enggeus. Djadi ana kitoe, roepa-teh, manan kapok mah anggoer gawok, teu inggis koe mimir bedil, teu gimir koe tjameti polisi, teu reupan koe sepak kapala, ditilik-tilik ralah tambah oekad, ikias ka raga djeung njawa.
Oepama koe oerang dibantem di salang - soeroepkeun, koemaha tjoesonana, djeung naon pakarapanana oerbar sirna beunang pamarentah (anoe disebetkeun di loehoer) pikeun ngabasmu bangsa koemin tambah njatjas, tetela pasalia. Oerbar sioebar dipoe. poek soehoenkeun, ari kasakit mah tongoj, manan senang mah kajah tambah soemaramah.
Lain koering njatjampah; kana elmoena pamarentah dina bab ngobar panjakit rahajata, boeoo taja petana, ngan eta bae lakoena teh tjara petaning noe djadi doekoer, make oerbar koe djalman dilelebah teu reudjeung elmoena, toer padahal andjeunna (pamarentah) Doctor watjia boetan Eropa, anoe oeningna kana warnaning panjakit. Teu beda djeung ngobar anoe njeri panon, dikastrolli atawa noe adoeq songkol njeri angen, dibere pel kina.
Demi kana panjakitna geus tangtoe aroeningana, nja kitoe deui piboeareunana moa datangka kapetolan, boebahan wedalan sakola tiuggi, tangtoe sagala njampak, ngan haudiakal elmoe noe sakitoe laloehongna teh teu di-amalkeun, temahna hambor baten teu kantenan.
Sok soemawonna anoe ngagoegoeloeng sabaurang sapouting kana bag-bagan ngolah nagara, tjatjakan koering anoe ngan oekoer laladjo djeung nganggap bet njaho kana roepa roepa panjakit rajat djeung piboeareunana.
Ti mana njaho? tjeh meureun Kapan ti gedong ngomong anoe disebet Volksraad tea. Nja di dinja tempatna ngadegoe - raskeun bab panjakit djeung oerbar tea. Noe ka-tjida aroeningana kana anoe sok djadi sasalah rahajat teh, tangtoe ora lian kadjaba ti elid priboeimi, tapi diantara elid Eropa oge nja aja noe aroeninga-eun, nja eta sakoer noe miloe mikanjaah ka kolonina, anoe teu djongdjon teuing ngarah hasilna.
Tah, lamoen seug didarangoe sakoemaha noe dipedar di dinja, reudjeung prakna dilampahkeun, tangtoe moal loba bahan anoe moebah, moebadit taja pedahna.
Geura bae tina hal naon sababna Communisme soemaramah ka tangitangsi, seep-seep koe djrg. Ratoe Langi dibabarkeun, njakitoe deui dipiloeran dadas diterangkeun koe soerat kabar „De Courant” bab katentoemarimaan noe aja di kazerne.
Tjek oerang, poegoech bae matak helok, lantaran teu njaho di sababna noe sadjero-djerona. Ti babaeula geus djadi kamashoeran, sarta djadi kakasih jeung soldadoe priboeimi bangsa Menado djeung Ambon teh estoe noe pang satia satiana ka goepernemen, ari ajeuna bet ngamimitian rek bahoela. Geus tangtoe bae moal znder sabab. Eta si „Sebab” panjakitna teh, sarta eta noe koedoe diebaran, tapi lain koe dipergasi.
Deui koering inget kana bad gjah goeroe desa. Beunang disebetkeun meongge elid anoe „berkamanoesaan” mah di Volksraad njarioskeun jeun gadjilna goeroe-goeroe desa hina teuing, taja petana bisa hiroep anoe tjoekoop keur dirina. Kadjaba ti doeningakeun ka para elid V. R. teh geus dibarempoegeun deui di Onder-wijraad, sarta toeloj diprosstel ka pamarentah soepaja diomean.
Tapi koemaha djawabna wawakil pamarentah? Ari madjarkeun teh, lamoen rek diomean oge isin koedoe koe pamarentah, tapi koedoe koe dese pribadi, ditambah sangkan hiroepna goeroe-goeroe desa tea narimbaugau kana martabatna, enz enz. Toeh geus neumbleuhkeun deui bae ka dese toer desa teh geus sakitoe

beuratna tanggoenganana. Ana hantem dimomotan bae desa teh teu pisan disoedang-soedang, toengtoengna mopo, ana geus mopo nja beledoeg djadi koem
Koe djoerg. Stokvis mah mani diesek-esekkeun madjarkeun teh „ari nambahan gadjih goeroe desa mah sanadjan ngan saringgit oge saora: g euleuh bezwaren mani moeroednel tjara noe iring-iringan, tapi koemaha ari nambahan bahroeting militer mah 4-5 joeta, teu madjar koemaha, teu aja tjarita-tjarita koedoe ngingetkeun kana geldelije consequentie, ngan koedoe djadi bae sarta koedoe ditoe-roet.
Lamoen koe oerang diingetkeun ka dinja mah, djiga teu koedoe heran heran teuing di tanah Djawa (di oerang oge) aja goeroe goeroe desa araboe-kana koemin sarta mariang ka Digoel, da londo tanahna djeung hade geuekna pikeun pitempaten isme. Tapi sanadjan kitoe, koering teu weleh neneda sarta sasambat ka para djrg-djrg goeroe desa, moega moega sing salabar tawekal, oelah kabawa koe sakaba-kaba, ngadjoedjeur napoe ngombar amarah, kenn bae sing sabar darana bae, da ajeuna oge djiga moal salah aja motie njoehoen keun nambahan gadjih teh sarta oepama noeroekeun kana sorana sakoer noe geus njararita mah pirakoe datangka teu katampa.
* * *
Tridama.
I. Roekoer djeung batoer. (Jamboengan tina A, katerangan tina roekoer lantaran sabasa).
Saperti tjek parihasa „hade koe omong, goreng koe omong”, eta geus netekeun, jen sarat anoe pangpangna pikeun akoe djeung batoer teh taja lian kadjaba ti basa, basa noe hartina saroea djeung omong. Anoe mimiti ngoetjap kitoe—djadi parihasa soeh ajeuna saenggeunna nerekah—tjek ingetan koering mah lain djelema djore-djore, sabab djelema sagawajut, anoe deet pamanggihna, biasana tara ngedaikeun oetjap-oetjapan noe bangsa kitoe. Koe ipe resep kana basa kapanggih kaahanganana bae dipake njatoerkeun panalar hate. Kasar le mesna boedi manoesa koe ahli basa kawasna njatjas kanjahoer. Aja basa djadi omong, boh hade boh goreng, eta nandakeun, jen basa oekoeran roekoer djeung batoer.
Ari nangtoekeun mah, oelah, ngan djelema anoe teu goemati kana basana beunang disangka, henteu mikarep kana kaetamaan roekoer djeung batoer anoe sabasa djeung manehua. Moal leleb tjoeantelna batoer teh ka oerang, lamoen henteu sabasa. Satalikna oerang pou nja kitoe keneh.
Demi basa pisarotan oerang ngodag kaetamaan roekoer djeung batoer ti heula geus ditjaritakeun aja lima. Sarehna ajeuna djamanna basa toelis digedekeun, djadi kalaipan teu bisa matja teh. Anoe ngan bisa make basa lian woengkoel, nja eta anoe teu bisa matja teu bisa noelis, moal bisa nampik kana kaseondekana dina hiroep koemboeh, djadi singget roekoena djeung batoer.
Kaloembrahan anoe ngolah basa ngan soemat basa toelis, demi anoe tiloe deui teu djadi pikir. Meureun koe sawareh mah teu katangen ajana, koe sawareh deui teu dipalirena teh koe doemeh wegah. Dimana oerang rek ngangkeneu bisa kana bass, lamoen kana basa lian djeung kana basa toelis njaho kabawakeun batoer, basa noe tiloe deui dipalireneun, mangkaneung noe tiloe teh tatpakan anoe doea.
Basa lian koe Soenda tatjan koe-tjek, da teu atjan aja anoe ngoelik sorana, ditjoejtjoech tina lagam kana kawih teroes kana tabeuh. Moega-moega tereh boekti.
Basa toelis Soenda tatjan pantjeg, masih loek loek keneh, da masih ngora.
Keur ngora koerang piara, atoech meraketet djeung rigil. Sakapeung kapanggih anoe siga montok, daen komplek boeah gempiek, ari keur magarna kembangna moengga siang. Soegan teh enja morontod, sihareung koe noe teu boga adeuh direreakeun; dangdapanan, boeboehan jjeung kembangan timoe hajch sira rimbil ditempel-tempelkeun, make malara tjoepona.
Basa lemes dina toelis galibna ngan

dina soerat, ari dina toetoesan sedjen (kitab, wawatjan boekoe-boekoe) teu atjan kalampahkeun. Aja oge kabela-dieunakeun dina Sipatahoenan anoe miradjeunan make basa lemes, tapi lemesna lemes garitjoe. Ieu teh tjing tjing, basa toelis Soenda loek-loek keneh. Moega moega kahareup bisa reugedjeug. (*)

Basa Sasmita mah soemawonna, beunang diebeutkeun di oerang mah teu aja noe mirosea, padahal uoe pira geus mere djalan, tjari ta koe peta. Geuning noe ambek boentoe ngereket, panon molot, peureup diamang-amang, kapan eta teh njarita. Hoentoe ngeret ngaboeta rek ngereket, panon molot ngabidjikeun sima rek ngaloempoeheun moepoel bajoe, peureup diamang-amang ngantjan rek mepedjet. Igel, pentja njarita naon? Roepa boender, boeud pasagi djat. Noe loekheun saon? Warna hieueung, bodas, beureum, hedjo djst ngabedjakeun naon? Di sakoeriling boengking oerang sakoer noe aja il-eun, batjaeun, oetjapkeun. Ngoelik basa siloka koe ajaeun, ngoelik basa toelis ge teu outjeug. Tapi lamoen ngeureunjeuh bari celin teu kanjaban deui beunangan, teu woedoe oge. Tjontona titen kana legeg djelema

riadatna, pasemonna, dioekna, nang-toekna, urakprakawana barangpake, rengkakna, lagamna, pada-pada kapalingan moel saoraba, da gegedena katingker koe kapinteran.

Basa sasmita dina peta diseboet isarah, dina omong sunder, silih, dina djinis, siloka, dina sipat wirasat. Moega moega sasmita Soenda aja noe moeka.

Basa hate paranti mikir, njipta djeung ngalamoen. Anoe banget kasengsere koe basa sasmita djeung basa hate, noenda toelis noenda oetjap, ngasakkeun panjpta djadi pandita, gentoe tapa di noe singkoer, ngakoerkeun anoe teu roekoen. Tabah kana basa hate njaho di kereteg batoer, kaseboet watjis waspada. Moega moega Soenda waspada Soendana.

Djempe hate oenggh kana rasa. Basa rasa basa anoe pangahengna anoe kataungan koe manoesa. Gok amprok endjeung kameumeut, hate djempe henteu lemek, ngan siloka lawan rasa anoe awor. Moega moega Soenda ngarasa Soendana.

Moh. Ambri

(*) "Boelan" September 1927 bedjana rek aja kongres basa Soenda.

diganti koe katrangan teu bisa dipengkir deui (niet te ontdekken). Papejanana hal pagoejoeban Liga, oerang sanggakeun ka Djoer. Soejoedi. Sanggeus ngahoenkeun Voorzitter ka Dr. Soekiman, toeloj nerangkeun jen dina poe harita di tempat bedjen oge, diajakeun koempoelan noe saroepa kieu: (di Tegal djeung Solo); di Solo noe sasaoerana Mr. Singgih djeung accountant Aliman.

Geus kitoe Mr. Soejoedi nerangkeun babadna pagoejoeban Liga pikeun tauah noe dibawah.

Toedjoeanana Liga teh nja eta rek merangan soepaja tanah noe dibawah oelah dipentjet, sarta rek merangan imperialisme (napoe hajang ngabawah parental).

Basa Congres di Brussel P. I. ngoetoes 4 djelema, noe kapilih djadi bestuur Liga nja eta Moh. Hatta djeung Samaoen.

Sanggeus Mr. Soejoedi aja deui lima anoe nembongkeun roedjoekna kana ngajakeun eta koempoelan nja eta Djoer. Djoer. Soeardi Soerjaningrat, Kijai Abdoellah Sirad, Oesman, Reksodipoetro djeung S. Mohammad.

Sererea pada ngeueung Vergadering, soepaja noendjang studenten noe keur sangsara, toeloj divoorstel soepaja ngajakeun commissie sarta dirempoegan koe noe rea.

Barang Djoer. Reksodipoetro sasaoeran, polisi ngingetan jen mongpar tina noe ditoeloj, kitoe deui Djoer. S. Mohammad.

Voorzitter koe poelisi dibere timbangan, soepaja djrg. S. Mohammad oelah teres njariosna. Nja dieureunkeun.

Loekoel satengah 12 vergadering ditoeleup.

—o—

Noe noendjang kana sjan djeung beresna eta koempoelan nja eta Adhi Dharimo-Taman-Siswo-Siop djeung Walfadri padvinderij.

(Tina De Locomotief)

Pangangoeran.

(Samboengan).

Eukeur mah djelema koema . . . katoeroeg-toeroeg beunang dangdan satakar tanaga ngeuteug didang dak-didengdek. Geus kitoe toeloj njampurkeun padibenteungeunna bari ngomong: "Djang, ting akang taksir siug bener, ginding atawa henteu, kasepatawa . . . Kita-kirana atjuekna beuki bogohuun atawa moal?"

Boedak teh teu ngadjawab, kalah ngahoeleng. "Hajoh ngomong" tjeuk noe ginding teh. Ari tjeuk boedak teh: "Teu centoeapan kang koering mah siug di tjabok, heurin koe letah".

Koetan! Karoenja.

Pantjakaki pabeulit

Ki Bontot kawin djeung bidji randa noe geus aja oemoer, sarta boga anak aweue noe geus ahir balag. Kabeneran bapana Ki Bontot doedoedan, katinggal maot koe Amboe Bontot, toeloj dirempoekna ka anak tereua Ki Bontot tea. Djadi ka bapana teh ajeuna mah winantoe, da ngawin anak terena tea.

Ti pamadjikanana Bontot boga anak lakaki. Ieu teh djadi dahoean bapana, doeloer anak terena djeung paman manehna pribadi deui.

Ajeuna bapa Bontot boga deui anak ti anak tereua Bontot tea. Djadi ka ieu boedak teh Ki Bontot doeloer ongkoh, intjoe ongkoh, da anakna anak tere tea.

Pamadjukan Ki Bontot ajeuna mah diseboet nini, da geus intjoean, djadi ki Bontot oge atoh "kabawa diseboet aki koe doeloerna sabapa."

Tjeuk pikirna: "Naha asa riweuh, nja aki nja intjoe".

Pindah tjai pindah tamplan.

Eta paribasa noe diseboet di loehoer; katjida saena, lamoen koe djalma noe sae ngalarapkeusana; margi kantenan pisan tiasa, loeloes rahajog hiroep di mana bae, moel pinanggih sareng katjerowedan atanapi patjogrogan sareng pada batoer. Tapi koe-maha aja awonna? Atoeh poegoeuh, tjeuk Bapa Dogeng

Amboe Dogeng mah, kapan kieu: Mana-mana aja badena tangtloe aja gorengna atawa sawangsoelna.

a. Sae soeh, lamoen oerang pindah ka hidji tempat, oerang koedoe bisa ngajoenkeun (noeroetkeun) koe-maha adat tabeat di dinja, anoe sakira hade sarta katimbang moel ngaroeksak kana kasamanan oerang.

b. Awonna, lamoen oerang pindah teh kabeneran ka tempat anoe awon adat tabeatna, heg bae oerang noeroetan, da inget kana paribasa "Pindah tjai pindah tamplan" tea, sarta oerang hajang loeloes teu manggih panjerowedan; enja matak loeloes tea mah; tapi tangtos pisan moel aja noe njebatkeun sae; ai deui awonna teh kieu: Pedah Marhaen kaakoe koe pangagoeng noe loehoer, sarta didjadikeun reugreuganana, toeloj bae Marhaen teh ngaroeksa koemaha adat eta pangagoeng, malah teu inget kana ka-Marhaenanana, padahal badanna mah Marhaen Marhaen keneh bae; malah osok oge peupuleukeuk soengkasangka goreng ka bangsana eta ki Marhaen tea, lamoen aja noe matak teu raos ka doeroenganana teh; tah kitoe katerang Bapa Dogeng awonna eta paribasa teh ari ka noe lepat ngalarapkeunana mah.

Pa Dogeng.

Pikiran!

Pasoendan.

Pasoendan lir tanggek, di saban roengkoen geus aja. Di Raadboepati aja, di Raadgemeente aja, di Raadprovincie aja, di Bale Rajat aja.

Ajeuna oerang pasini, lamoen sakadang peuting ngaloekan koedoe nembalan, koe kitoe!

Proeng ajeuna mah oerang patarik tarik loempat djeung sakadang peuting!

Oerang Soenda.

Pirang pirang keneh pisan oerang Soenda noe teu terang kana Pasoendan.

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No 76.

Salamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainja, Minoceman, Serotoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncills, dan pekakas potret.

1 Augustus 1927.

Roepa-roepa Datjin Kilogram.

Dari Fabrik jang kasi tanggoengan baik, ada sedia tjontonja, harga-harga sanget moerah.

Lebi baik minta pesen dari sekarang, sebab tempunya tjoemah tinggal ampat boelan lagi.

Katrangan lebi djaoe pada adres:

YO TEK SENG

Wijkmeester

TASIKMALAJA.

TOKO NIC MULLER

TASIKMALAJA.

Goenoenglode 15 Telepon No. 26.

Sajagi sagala roepi landong. Landong sagala roepi kasawat. Landong noe babar (sagala roepi kaperloean).

Landong noe tas disepitan. Kaperloean perban-perban. Barang-barang kaperloean salira (toiletartikelen).

Sagala roepi landong sajagi. Moendoet bae prijscourant engke dikitoeun perdio.

Ajeuna parantos sajagi sagala roepi sesepun, kaloeeran Eropa sareng boetan Negresco. Noe moerah noe awis sajagi Noe awis sajagi pak alit.

Seroetoe sareng sigaret roepi-roepi. Awas! Di Toko sajagi keneh tjelep sindjang raksoekan sareng sagala roepi barang. Boengkoes alit pangas f0,25 boengkoes ageung pangas 40 cent.

Mangga soemping ka toko, ningalilan sareng milih naon noe perloe.

Hoermatna

NIC MULLER.

N. B. Si Chistiana parantos diitjal. Noe bade dutjal hidji roda paranti ngider ka pasar-pasar sae keur noe dagang batikan, margi koutjina pegeh. Dilebet ngauugo rak suggoeun tempat barang.

ADRES noe parantos KASOHO

DAHJAN

Toekang Mas Roemah 18 TASIKMALAJA.

Ngitjal roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel pentil, soember, lilipen, padamelan ditanggil sae sareng enggal.

Djaba ti eta ngitjal roepi-roepi lodji sakoe, erodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan djoeragan enggal saroeumping soepados kaenengna.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EEREDIPLOMA MEDALI

3 MAS.

Toko KNOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng saena-saena Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michela, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (enderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoersaperti Beureun, hedjo, blas, koneng kolot, bodas sareng ngango strip roepa-roepa, aja deui anoe ngango leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasehor kasehorwatanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngarange bedil angin (windbuis) pikeun plesiran, nja eta keur boelan-boelan atawa keur manok, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiranan, heularg, kalong, sareng sadjab ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu ngango vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5/16 sareng 4/16 nja eta merk B. S. A. anoe masheor kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjeukoep, satjaba ti eta, sajagi roepi roepi Etservices (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjing) Westminster, erodji anoe sae, peso alit peso tjeukoer goenting mesin anoe parantos masheor kasae-anana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tja) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kasahatan.

Hatoer oeninga!
WAWATJAN WAJANG POERWA
Djilid ka II
Parantos salse ditjaktana, kandelna 1330 pada meh 1 1/2 x eun noe ka I, pangasna tetep f 1,25.
Koemargi seueur noe moendoet samboenganana noe ka I, mangga enggal para djoeragan pesen noe ka II na, kanggo ngaladjengkeun kaenengna lalakon wajang, adres: M. Winata-Hardja Tjibeureum Manondjaja. Ka noe tebih dikintoen reimbours.

Vergadering S. I., P. N. I. B. O. djeung Mohammadjah di Djogja.

Dina poe Ahad 17 Juli 1927 di gedong bioscoop di Patook Djogja diajakeun Combinatie Vergadering P.S.I. P. N. I., B. O. djeung Mohammadjah, rek njaritakeun hal garadahan Indonésische Studenten di Nederland tina Vereenigingna "Perhimpunan Indonesia djeung Liga, anoe toedjoeanana soepaja oelah aja geutjetan (undesaun) di Bawahna.

Oenggal pagoejoeban pada ngirim keun oetoesan, pers djeung politie tjeukoep. Noe ngahuejuk Vergadering Djoer. Driowongso, lantaran Djoer. Soerjopranoto teu damang.

Noe daratang aja 800 djelema. Mimiti Vergadering diboeuka pk. 9.

Djoer. Voorz. nerangkeun jen ieu koempoelan lain rek protest, djadi satoetasna oge moel njieun besluit et motie.

Tidinja Dr. Soekiman dibatoeran njarios.

Andjeunna henteu boga maksoed ngabantah kana garadahan politie, ngan rek nerangkeun jen bedja noe aja dina soerat soerat kabat teh henteu bener. Salahna madjar Moh. Hatta kaboeur ka Zwitserland, sana sakali teu aja patalina pang ajana di dinja djeung garadahan, pangna ka Zwitserland teh lantaran ditelegram koe R. Soemadi gering pajah di dinja.

Aja deui tjari ta madjar Djoer. Soekardjo, Cand. Officier di Mil. Academi dilepas lantaran tjahan djadi lid Perhimpunan Indonesia.

Hal madjar aja bom bom kitoe koering teu pertjaja; hal kapanggih aja pestol di studenten, oelah disangka jen studenten teh rek djarahat.

Di Eropa leuwih rea pendjahat batan di dieu, djeung gede bahajana. Pikeun semah djeung noe njanjaban koedoe tjaringtjing, ngadjana diri, koe mawa pestol.

Dina karet api mindeng dibongo han.

Pikeun studenten mah geus dibiasakan ana vacantie teh sok njanjaban ka nagara sedjen, nja mawa pestol tea pikeun pangdjaga diri.

Tjeuk koering, oerang oelah oedjoeg oedjoeg pertjaja bae sakoemaha bedja tea.

Ti dinja andjeunna njaritakeun babadna Perhimpunan Indonesia. Eta pagoejoeban tea ajeuna geus oemoer

20 taon sarta kaajaanana henteu tjara barang mimiti.

Student student tea sok njaraba ka Berlin, Parijs, Londen. Dr. Samsi mah malah ka Sweden nanaon.

Boh dina oesoem panas boh oesoem tiris salawasna njieun propaganda. Soerat kabarna Indonesia Merdeka salawasna ngabantoe.

Dina taon 1923 pesta 15 taon. Boekoe peringatun didjieun sarta make katartiban.

Noto Soeroto dilepas. Geus kitoe kanjahoan eta pagoejoeban teh ajeuna mah lain koempoelan boedak; kana baloean nou cooperation teh rea noe pandoedje. Perhoeloengan djeung Indonésie, Hindia Inggris, Philippijnen Mesir djst. dienjakeun. Koe studenten Indonesia di Mesir, sok didatangan P. I. teh, noe dioetoesna Djoer. Moh. Tajib.

Lalakon andjeunna ka Nederland model.

Perhoeloengan doea leden P. I. djeung Samaoen tina hal doeit, tjiek koering lain katrangan jen aja samboengan djeung pamarentah Soviet.

Sanggeus Noto Soeroto dilepas, sarta rasa kabangsaan leden P. I. geus haroedang, loba pisan pagoejoeban anoe noendjang sawarah leden, anoe ngeliugan. Pagoejoeban Theosofie noendjang 6 studenten.

Kaelidun P. I. teh henteu sapagodos djeung toedjoean "abdina Hindia" (Dienaar van Indië). Ieu hal terserah ka 6 studenten tea soepaja ditimbang.

Moel hajang ditoeleong bae, nja kapaksa oelah djadi leden P. I.

Moel tetep harajang djadi lid, oelah ngarep ngarap toendjangan.

Ti noe 6 teh lima anoe tetep djadi lid P. I. Arandjeunna milih kadjeun "masakat" bae tinimbang betah dika-abdian (Edas, kitoe koetan sri Satrija tinimbang djadi Soedra noe bakal betah dina boeboeroeh kosah beukah mah anggoer . . . emh Zetter).

Samaoen, anoe boga kahiroepan tjeukoep, njeueung bangsana masakat di lembor batoer kitoe ka-oenjaeun, sarta hajang males boedi ka bangsana noe saenjana. da Samaoen teh djadi lid P. I. deuih.

Ieu pandoeloengna Samaoen oelah dianggap jen eta patali djeung Soviet Rusland.

Ngadenge bedja deui madjar aja bedja anoe dibohongkeun, nja eta telegram anoe pipokeunana: "katrangan teu kapanggih" (niet te ontdekken)

